



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK PRAL DESIDE SOU RE-OUVÈTI
LEKÒL NAN SEZON OTÒN NAN PANDAN PREMYE SEMÈN MWA OUT LA**

Fwa yo nan Konte a anile jiska nouvèl lòd

*Sant komèsyal yo kapab ouvri nan Faz IV rejyon yo k'ap kòmanse vandredi
sèlman avèk sistèm HVAC amelyore yo*

Eta dwe founi mask ak dezenfektan pou distribisyon nan Fire Island

Long Island antre nan Faz IV nan re-ouvèti a jodi a

1,2 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

11 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

*Konfime 692 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total
nan tout Eta a rive 398,929; gen nouvo ka nan 42 Konte*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York pral deside si lekòl yo pral re-ouvri nan sezon otòn nan pandan premye semèn mwa out la. Kounye a Eta New York ap konsilte moun ki gen enterè yo sou direktiv, ki pral finalize 13 jiyè. Plan pou re-ouvri lekòl yo bout 31 jiyè.

Gouvènè a te anonse tou ke yo pral anile tou fwa konte yo jiska nouvèl lòd nan mezi pou pran anpil prekosyon. Gouvènè Cuomo te deja anonse anvan ke yo pral anile Fwa Eta New York (New York State Fair) ete sa a.

Gouvènè Cuomo te anonse tou komansman vandre di 10 jiyè, sant komèsyal yo kapab ouvri nan rejyon yo ki deja antre nan Faz IV nan re-ouvèti a si yo te aplike yon sistèm filtrasyon Chofaj, Vantilasyon ak Lè Kondisyonè (Heating, Ventilation and Air Conditioning) amelyore - oswa HVAC - epi swiv pwotokòl vantilasyon apwopriye yo. Yo pral egzije sistèm HVAC a pou li enkli filtè ki gen yon Valè Rapò Efikasite Minimòm (Minimum Efficiency Reporting Value) - oswa MERV - to ki filtre viris COVID-19 la, men li kapab, si sistèm lan fè pwoteksyon adisyonèl, fonksyone ak yon MERV minimòm ki evalye a 11. Pwotokòl vantilasyon yo enkli ogmantasyon lè anplennè, sikilasyon lè redui, dire fonksyonman sistèm pi long ak tchèk filtè souvan.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Eta New York pral bay 1,000 mask ak 1,000 boutèy 2-ons ki gen dezenfektan pou men pou Destriktè COVID Fire Island (Fire Island COVID Destroyers) yo - yon patenarya ki gen ladan GMHC ak lidè kominotè Fire Island yo - pou distribye nan Fire Island.

Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Long Island antre nan Faz IV nan re-ouvèti a jodi a. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tè s ki te pozitif ak anpil lòt pwen enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj forward.ny.gov.

"Nou deja ap konsilte tout moun ki gen enterè sou direktiv pou wè ki jan lekòl ta ka re-ouvri nan mwa septanm nan. Nou gen 700 distri eskolè nan eta sa a, epi yo varye soti nan zòn riral ak iben pou rive nan zòn banlye. Lokalite yo trè enplike nan lekòl yo ak nan desizyon lekòl yo, ki donk nou kòmanse rankontre avèk yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan premye semèn mwa Out la, eta a pral anonse yon desizyon sou si wi ou non lekòl sa yo ap re-ouvri, epi nou vle pran desizyon sa a ak pi bon done ki disponib yo paske reyalite yo chanjman isit la jou apre jou epi semèn apre semèn. Yon semèn ka petèt dire tout yon vi ak viris sa a paske tout bagay chanje byen vit. Lekòl yo di ke yo bezwen pou nou pran yon desizyon nan fen premye semèn mwa out la pou yo ka demare motè yo answit epi pou yo fè tout bagay pare pou mwa septanm nan, epi nou pral gade done yo nan premye semèn lan epi answit nou pral pran yon desizyon."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 841 (+5)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 84 (+16)
- **Lopital Konte yo** - 31
- **Kantite ICU** - 166 (+6)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 97 (-6)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 71,185 (+94)
- **Kantite Lanmò** - 11
- **Kantite Lanmò Total** - 24,944

Sou 57,585 tè s yo te reyalize nan Eta New York yè, 692, oswa 1,2 pousan, te pozitif. Pousantaj tè s pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	DIMANCH	LENDI	MADI
Capital Region	1.00%	1.20%	0.90%
Central New York	1.70%	1.60%	1.20%
Finger Lakes	1.10%	0.90%	1.40%
Long Island	0.90%	1.00%	1.30%
Mid-Hudson	0.90%	0.90%	1.20%
Mohawk Valley	1.10%	1.10%	1.10%
New York City	0.90%	1.10%	1.20%

North Country	0.40%	0.20%	0.20%
Southern Tier	0.70%	0.50%	0.50%
Western New York	1.20%	1.40%	1.70%

Gouvènè a te konfime tou 692 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 398,929 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 398,929 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,175	11
Allegany	64	1
Broome	766	4
Cattaraugus	130	2
Cayuga	122	0
Chautauqua	149	14
Chemung	147	0
Chenango	159	2
Clinton	106	1
Columbia	482	3
Cortland	54	1
Delaware	91	0
Dutchess	4,250	2
Erie	7,596	52
Essex	49	0
Franklin	33	0
Fulton	262	0
Genesee	244	2
Greene	263	0
Hamilton	6	0
Herkimer	181	0
Jefferson	94	0
Lewis	31	0
Livingston	137	3
Madison	368	1
Monroe	4,046	42
Montgomery	121	0
Nassau	42,122	34
Niagara	1,307	10
NYC	217,777	289
Oneida	1,776	16
Onondaga	3,029	32
Ontario	286	3

Orange	10,806	8
Orleans	286	1
Oswego	210	3
Otsego	86	0
Putnam	1,344	4
Rensselaer	580	9
Rockland	13,679	11
Saratoga	582	4
Schenectady	844	1
Schoharie	60	1
Schuyler	13	0
Seneca	71	0
St. Lawrence	227	1
Steuben	271	0
Suffolk	41,799	69
Sullivan	1,460	1
Tioga	150	0
Tompkins	180	1
Ulster	1,845	2
Warren	273	0
Washington	247	0
Wayne	193	2
Westchester	35,154	48
Wyoming	98	1
Yates	48	0

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)